**UJIAN MADRASAH**
**MADRASAH IBTIDAIYAH FSM TEMPUREJO**
**TAHUN PELAJARAN 2024/2025**

| **LEMBAR SOAL** | |
|---|---|
| Mata Pelajaran | : Bahasa Jawa |
| Jenjang | : MI FSM TEMPUREJO |
| Hari/Tanggal | : Rabu, 7 Mei 2025 |
| Waktu | : 120 Menit |

**PETUNJUK UMUM**

1. Berdo'alah kepada Allah SWT sebelum memulai mengerjakan paket soal
2. Isikan Identitas Anda ke dalam Lembar Jawaban Asesmen Madrasah (LJAM) dengan menggunakan Bolpoint sesuai di LJAM.
3. Isikan jawaban soal ke dalam LJAM sesuai petunjuk LJAM.
4. Tersedia waktu 120 menit untuk mengerjakan 40 soal
5. Jumlah soal sebanyak 40 soal terdiri dari 30 soal Pilihan Ganda, 5 soal Pilihan Ganda Kompleks, dan 5 soal Benar Salah.
6. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawabnya.
7. Laporkan kepada pengawas ujian apabila terdapat lembar soal yang kurang jelas, rusak, atau tidak lengkap.
8. Periksalah pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada pengawas ujian.

**PILIHAN GANDA (untuk soal nomor 1 sampai dengan 30)**
**Pilihlah salah satu jawaban yang benar dengan memilih huruf A, B, C, atau D pada pertanyaan berikut!**

***Wacan kanggo soal no. 1-4.***

***Gobak Sodor***

*Dina Setu ing kelas VI ana pelajaran olah raga. Kabeh murid kelas VI wis padha baris ing lapangan. Kabeh padha bregas lan seger. Barise manut klompoke dhewe-dhewe. Kabehe ana limang klompok. Saben klompok bocah papat. Bima dadi ketua klompok telu.*

*"Dina iki dolanan gobag sodor. Sapa sing wis tau dolanan gobag sodor?" pandangune Pak Imam.bima, Niken, Wati, Ruslan lan Munip ngacung. Pancen bocah lima iku kerep dolanan gobag sodor ing platarane Pak Jono.*

1. Dina … ing kelas VI ana pelajaran olah raga.
   A. Senin
   B. Rebo

LIVEWORKSHEETS

C. Jumat

D. Sabtu

2. Dina iku bocah-bocah arep dolanan ….

A. dhelikan

B. bekelan

C. gobag sodor

D. betengan

3. Kelase Bima iku muride ana …bocah.

A. 15

B. 20

C. 25

D. 30

4. Ing ngisor iki gunane dolanan tradhisional, **kajaba** ….

A. bisa gawe rukun kancane

B. nglatih kelantipan, ketrampilan

C. gawe awak sehat, seger waras

D. boros, wragade akeh lan larang

5. Wacan sing nggambarake kedadean, kahanan, panggonan nganti sing maca kaya-kaya ngalami kaya sing ana ing wacan iku diarani teks ….

A. narasi

B. dheskripsi

C. persuasi

D. argumentasi

6. Bangunan omahe Mas Prapto sinawang katon ….

Tembung saroja kang trep kanggo ngisi ukara ing dhuwur yaiku ….

A. apik banget

B. mewah

C. edi peni

D. endah tenan

7. Gatekna cerita teks ing ngisor iki!

LIVEWORKSHEETS

*Sanalika Bawang Putih rumangsa seneng banget. Awak kesel lan weteng sing luwe kaya-kaya wis ora dirasa meneh. Bawang Putih terus nggawakake dhunak gedhe wadhah beras sing mari dipususi. Ora tega nyawang wong tuwa nggawa barang samono gedhene. Wong tuwa adon iku sejatine raseksa, jenenge Nini buta Ijo.*

Watake bawang putih yaiku ….

A. gumedhe

B. seneng tetulung

C. kerep nesu

D. ana pamrihe

8. "G*uru ngaji*" yen ditulis aksara jawa dadi ….

A. guru zji

B. guru zju

C. giru zji

D. gr zji

9. Dhek wingi Fatimah (tuku) klambi anyar dening ibuke.

Tembung sakjerone kurung sing bener ….

A. tukune

B. ditukokake

C. ditukoni

D. tukunen

10. Mbak Ayunda lembehane mblarak sempal. Yen mlaku kaya macan luwe. Dedege dhuwur, nanging drijine thiker.

Tembung sing kalebu panyendu/panyacad yaiku ….

A. lembehane mblarak sempal

B. mlakune kaya macan luwe

C. dedege dhuwur

D. drijine thiker

11. *Lading landhep, ngiris lemper*

*... , bakal pinter.*

Jangkepane parikan ing dhuwur yaiku ….

A. bocah sregep

LIVEWORKSHEETS

B. bocah pinter

C. lawang minep

D. nutu kerep

12. "Pesawat mabur" yen ditulis aksara jawa dadi ….

A. peswtMbu/

B. [pswtmbur

C. peswtmbu/

D. [pswtMbu/

13. *Tetanduran tomat simbah wis katon abang ... nggoda atiku pengin jupuk*.

Tembung saroja kang trep kanggo jangkepi ukara ing dhuwur yaiku ….

A. mbranang

B. abang banget

C. abang ijo

D. dubang

14. *Saben sore simbah lungguh ing teras ngarep.*

Ukara kasebut yen diowahi dadi krama inggil yaiku ….

A. Saben sore simbah lenggah ing teras ngajeng

B. Saben sonten simbah lungguh ing teras ngajeng

C. Saben sonten simbah lenggah wonten teras ngajeng

D. Saben sonten simbah lenggah ing griya ngajeng

15. virmKemB= yen ditulis latin unine ….

A. nyiram kembang

B. siram kembang

C. nyirami kembang

D. nyiram kembang

16. Hasby lan Faa'iq dolanan layangan ing sawah saben sore.

Kang kadhapuk dadi *wasesane* ukara yaiku tembung ….

A. Hasby lan Faa'iq

B. dolanan

C. layangan

D. ing sawah saben sore

LIVEWORKSHEETS

17. Teks wacan kang isine ngandharake utawa nyritakake kedadean sakbenere kanthi runtut saka wiwitan nganti pungkasan, diarani teks ….

A. narasi

B. deskripsi

C. pawarta

D. argumentasi

18. Gatekna gambar ing ngisor iki!




Teks ing dhuwur kalebu teks ….

A. pawarta

B. iklan

C. slogan

D. persuasi

19. **Teks Pariwara kanggo soal no 19 – 20!**

*"JAMU JOGJA ASLI*

*Sehat alami karo Jamu Jogja Asli! Digawe saka bahan-bahan pilihan kaya kunir, temulawak, lan jahe. Cocok kanggo nambah nafsu makan lan ngingkat daya tahan tubuh.*

*Tanpa bahan pengawet, aman kanggo kulawarga!*

Apa isi pokok saka teks pariwara ing dhuwur?

A. Promosi jamu tradhisional kanggo kesehatan

B. Iklan obat modern kanggo nambahi napsu makan

C. Ajakan melu lomba masak jamu

D. Informasi lokasi pabrik jamu

20. Apa keluwihan produk miturut teks kasebut?

A. regane murah

B. ora nganggo bahan pengawet

C. bisa dipesen online

D. rasane legi

LIVEWORKSHEETS

21. Tembang macapat wujude rerakitan basa kang endah, kang macane kanthi cara ditembangake. Wujud tembang macapat kaiket tata aturan baku. Ing ngisor iki paugerane tembang macapat, **kajaba** ….

A. guru lagu

B. guru gatra

C. guru wilangan

D. guru sastra

22. *Dedalane guna lawan sekti*

Ukara ing dhuwur guru wilangan lan guru lagune yaiku ….

A. 8u

B. 9i

C. 10a

D. 10i

23. Saben wayah esuk bocah-bocah kelas 6 padha piket resik latar ngarep kelas.

Tembung resik ana ukara ing dhuwur sing bener ….

A. diresikne

B. diresiki

C. ngresiki

D. diresikake

24. Tegese paribasan *nututi layangan pedhot*, yaiku ….

A. nindakake pakaryan kang angel kelakone

B. nindakake pakaryan kang gampang kelakone

C. nindakake pakaryan kang angel oleh-olehane

D. nindakake pakaryan kang gampang oleh-olehane

25. *Bapak pocung renteng-renteng kaya kalung, dawa kaya ula,*

*Pencokanmu wesi miring, sing disaba si pocung mung turut kutha*

Tembung pocung iku mau bedhekane ….

A. penthol korek

B. ali-ali

C. dom bolah

D. sepur

Cangkriman kanggo nomer 6-7

*Diketok malah mundhak dhuwur*

LIVEWORKSHEETS

26. Ing dhuwur kalebu cangkriman ….

A. awujud pepindhan
B. awujud plesetan
C. sinawung ing tembang
D. awujud wancahan

27. Batangane/bedhekane cangkriman ing dhuwur yaiku ….

A. gendheng
B. sepur
C. wit pring
D. kathok

28. *Dhumateng Bapak Kepala Madrasah ingkang kula hormati*

*Dhumateng bapak ibu guru ingkang minulya*

*Lan dhumateng rencang-rencang ingkang kula tresnani*

Ukara ing dhuwur kalebu perangane pidhato ….

A. pambuka
B. tetepungan
C. pakurmatan
D. puji syukur

29. Supaya pidhatone bisa runtut, sak durunge gawe pidhato becike nyusun ….

A. gagasan baku
B. naskah pidhato
C. cengkorongan/kerangka
D. struktur teks pidhato

30. Tegese bebasan *kebo kabotan sungu,* yaiku ….

A. wong kang kesrakat uripe merga dhemen apus-apus
B. wong kang kesrakat uripe merga dhemen mangan turu
C. wong kang kesrakat uripe merga kakehan anake
D. wong kang kesrakat uripe merga kakehan pakaryane

LIVEWORKSHEETS

**PILIHAN GANDA KOMPLEKS (untuk soal nomor 31 sampai dengan 35)**

**Pilihlah 2 (dua) jawaban yang kamu anggap benar pada pertanyaan berikut!**

31. Ukara ing ngisor iki sing ngandhut tembung camboran wutuh yaiku ….
    A. Saben wulan Syawal ibuku gawe madu mangsa.
    B. Parine bapak wis katon bangcuk.
    C. Panganan naga sari iku digawe saka tepung beras.
    D. Yen pas ngliwati lampu bangjo kudu sing ngati-ati.

32. Ukara ing ngisor iki sing dhapukane J-W-L-K yaiku ….
    A. Viola nganggo klambi abang
    B. Saben isuk Farid sarapan roti
    C. Daim mancing iwak ing kolam
    D. Bocah kelas 6 garap ulangan basa jawa isuk mau

33. *"Hutan Indonesia Paru-Paru Dunia"* ukara kui ing saben-saben dina pengetan *Lingkungan hidup bersih* mesthi dikumandangake saindenge donya. Alas ing bumi Indonesia pancen klebu alas tropis sing paling amba sadonya. Alas tropis mujudake produsen oksigen sing paling gedhe sadonya. Mula ora salah yen alas Indonesia diarani paru-parune donya.
    Ukara kang ana paragraph ing dhuwur yaiku ….
    A. Alas Indonesia diarani paru-parune donya amerga alase sing amba.
    B. Alas ing bumi Indonesia kalebu alas tropis sing paling sitik sadonya.
    C. Alas tropis ing Indonesia mujudake produsen oksigen sing ora akeh ing donya
    D. Saben dina pengetan Lingkungan hidup bersih mesti dikumandangake "Hutan Indonesia Paru-Paru Dunia"

34. Ing ngisor iki sing kalebu tuladhane pidhato resmi yaiku ….
    A. pidhato presiden
    B. pidhato kenegaraan
    C. pidhato ing sekolahan
    D. pidhato manten

35. Sing kalebu cangkriman wancahan/cekakan yaiku ….
    A. Sega sakepel dirubung tinggi
    B. Wiwa wite, lesmba dhonge, karwa pake
    C. Burnas kopen

LIVEWORKSHEETS

D. Gajah nguntal sangkrah

`

**BENAR SALAH (untuk soal nomor 36 sampai dengan 40)**

**Berikan tanda Centang ( √ ) pada kolom *BENAR* jika jawaban benar, dan pada kolom *SALAH* jika jawaban salah!**

36. Gatekna tembang dolanan ing ngisor iki!

Saiki Aku Wis Gedhe

Saiki aku wis gedhe
Sekolah mangkat dhewe
Ora usah dieterake
Bareng karo kancane
Yen mlaku turut pinggiran
Ora pareng gojegan
Ing ndalan akeh kendharaan
Mengko mundhak tabrakan

Rembugen isine tembang dolanan ing dhuwur, wenehana tandha bener utawa salah!

| Pernyataan | Benar | Salah |
|---|---|---|
| a. aku wis gedhe sekolah kudu dieterake | | |

37. Gatekna tembang macapat ing ngisor iki!

**Pocung**

Marang liyan kudune sing guyub rukun,
Urip sesandhingan,
Senadyan beda agami,
Nyembadani mring katentremaning praja

Rembugen isine tembang macapat ing dhuwur, wenehana tandha bener utawa salah!

| Pernyataan | Benar | Salah |
|---|---|---|
| a. tembang macapat ing dhuwur kedadean saka 5 gatra | | |

38. Gatekna ukara-ukara kang nganggo paribasan, bebasan, lan saloka. Centangen kolom B menawa bener, S menawa salah!

| Pernyataan | Benar | Salah |
|---|---|---|

LIVEWORKSHEETS

| | | |
|---|---|---|
| a. akeh wong sing kesusahan amarga ketaman bencana, bebasane udan tangis. | | |

39. Gatekna panyandrane perangane awak ing ngisor iki banjur wenehana tandha B menawa bener, S menawa salah!

| Pernyataan | Benar | Salah |
|---|---|---|
| a. *Polahe kaya gabah diinteri*, dikongkon lungguh sedhela wae ora bisa. | | |

40. Gatekna teks dheskripsi ing ngisor iki, banjur rembugen ukara kang trep karo ukara ing wacan!

**Bebayane Mbuwang Sampah Sembarangan**

Ing wayah rendheng larahan utawa sampah-sampah mau akhire mbunteti dalan banyu. Ing kutha-kutha apa maneh. Kalen-kalen ing antarane perumahan iku dadi kebak larahan. Ana botol plastik, bungkus jajan, tas kresek, godhong, sayuran, lan sapanunggalane.

Yen udane deres banget, kalen-kalene buntet, akhire banyune mbludag ing ndalan-ndalan. Suwe-suwe banyune dadi mambeg saenggon-enggon. Apa maneh yen ora banjir? Alon-alon banyune saya dhuwur, anguk-anguk ing plataran omah.

| Pernyataan | Benar | Salah |
|---|---|---|
| a. Ing wayah rendheng larahan mbunteti dalan banyu lan iso ndadekake banjir. | | |

LIVEWORKSHEETS